

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis, jeung pedaran kamampuh nulis Aksara Sunda siswa kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Taun Ajaran 2022/2023, ieu hasil panalungtikan téh bisa dicindekeun saperti ieu di handap:

- 1) Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII C SMPN 2 Kotabaru saméméh dilarapkeun métode *Blended Learning* kagolong kana kurang atawa can mampuh nu rata-rata peunteunna 36,2, artina siswa can mampuh nulis aksara Sunda. Ieu hal katitén tina peunteun unggal aspék anu masih kurang tina peunteun maksimal, nyaéta 1) Aksara swara rata-rata peunteunna 6,4 tina peunteun maksimal 20, hartina siswa masih can mampuh nulis tur nempatkeun aksara swara kalayan bener, 2) Aksara ngalagena rata-rata peunteunna 8,2 tina peunteun maksimal 20, hartina siswa can mampuh nulis aksara ngalagena kalayan bener, 3) Rarangkén rata-rata peunteunna 4,1 tina peunteun maksimal 20, hartina siswa masih can mampuh nempatkeun rarangkén dina tempat anu sakuduna, 4) Angka rata-rata peunteunna 9,4 tina peunteun maksimal 20, hartina siswa masih can mampuh nuliskeun angka kalayan bener, jeung 5) Karapihan tulisan rata-rata peunteunna 8,1 tina peunteun maksimal 20, hartina siswa masih can mampuh nulis aksara Sunda kalayan rapih tur bener.
- 2) Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII C SMPN 2 Kotabaru sanggeus dilarapkeun métode *Blended Learning* kagolong kana hadé atawa mampuh nu rata-rata peunteunna 83,4, hartina siswa geus mampuh nulis aksara Sunda. Ieu hal katitén tina peunteun unggal aspék anu kana kritéria hadé atawa mampuh, nyaéta 1) Aksara swara rata-rata peunteunna 16,6 tina peunteun maksimal 20, hartina siswa geus mampuh nulis tur nempatkeun aksara swara kalayan bener, 2) Aksara ngalagena rata-rata peunteunna 17,2 tina peunteun maksimal 20, hartina siswa geus mampuh nulis aksara ngalagena kalayan bener, 3) Rarangkén rata-rata peunteunna 15,5 tina peunteun maksimal 20, hartina siswa geus mampuh nempatkeun rarangkén dina tempat anu sakuduna, 4) Angka rata-rata peunteunna 18,2 tina peunteun maksimal 20, hartina siswa geus mampuh nuliskeun angka kalayan bener, jeung 5) Karapihan tulisan rata-rata

Rita Nurazhar, 2022

MÉTODE BLENDED LEARNING DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA (*Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang Taun Ajaran 2022/2023*)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

peunteunna 15,9 tina peunteun maksimal 20, hartina siswa geus mampuh nulis aksara Sunda kalayan rapih tur bener.

- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa saméméh jeung saenggeus dilarapkeun métode *Blended Learning*, katitén tina rata-rata *pre-test* anu dicangking siswa nyaéta 36,2, sedengkeun rata-rata *post-test* anu dicangking siswa nyaéta 83,4. Béda kamampuh siswa saméméh jeung saenggeus dilarapkeun métode *Blended Learning* dibuktikeun dina uji hipotésis. Uji hipotésis dina ieu panalungtikan maké uji Paired T-Test. Nilai Sig. (2-tailed) aya di angka 0,000 atawa $< 0,05$. Jadi, H_1 ditarima sedengkeun H_0 ditolak, lantaran 0,000 leuwih leutik ti 0,05. Hartina, aya béda nu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang taun ajaran 2022/2023 saméméh jeung sanggeus dilarapkeun métode *Blended Learning*. Ku kituna, métode *Blended Learning* hadé pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda. Katitén métode *Blended Learning* mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis Aksara Sunda siswa dina ungal aspék. Dina aspék aksara swara hasil rata-rata *pre-test* nyaéta 6,4 anu kaasup kana kritéria kurang atawa can mampuh, sedengkeun hasil rata-rata *post-test* ngaronjat 10,2 jadi 16,6 anu kaasup kana kritéria hadé atawa mampuh; dina aspék aksara ngalagena hasil rata-rata *pre-test* nyaéta 8,2 anu kaasup kana kritéria kurang atawa can mampuh, sedengkeun hasil rata-rata *post-test* ngaronjat 9 jadi 17,2 anu kaasup kana kritéria hadé atawa mampuh; aspék rarangkén hasil rata-rata *pre-test* nyaéta 4,1 anu kaasup kana kritéria kurang atawa can mampuh, sedengkeun hasil rata-rata *post-test* ngaronjat 11,4 jadi 15,5 anu kaasup kana kritéria hadé atawa mampuh; aspék angka hasil rata-rata *pre-test* nyaéta 9,4 anu kaasup kana kritéria kurang atawa can mampuh, sedengkeun hasil rata-rata *post-test* ngaronjat 8,8 jadi 18,2 anu kaasup kana kritéria hadé atawa mampuh; jeung aspék karapihan tulisan hasil rata-rata *pre-test* nyaéta 8,1 anu kaasup kana kritéria kurang atawa can mampuh, sedengkeun hasil rata-rata *post-test* ngaronjat 7,8 jadi 15,9 anu kaasup kana kritéria hadé atawa mampuh. Jadi, métode *Blended Learning* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis Aksara Sunda.

5.2 Implikasi

Ayana métode *Blended Learning* siswa bisa neuleuman matéri aksara Sunda saluareun jam pangajaran. Siswa ogé jadi leuwih ngarti kana eusi matérina lantaran matéri bisa dibuka iraha waé jeung dimana waé. Permasalahan nalika diajar sacara tatap muka nu ngagunakeun métode ceramah bisa nimbulkeun rasa bosen ka siswa, *Blended Learning* bisa jadi alternatif sangkan pangajaran leuwih variatif jadi siswa teu gampang bosen sarta teu monoton. Kitu ogé nalika pangajaran sacara online bisa nyieun siswa jadi mahluk anu individual bisa kaungkulon babarengan jeung pangajaran sacara tatap muka. Cindekna, métode *Blended Learning* téh méré implikasi nu hadé kana dunya atikan basa Sunda sacara jembar.

5.3 Rékoméndasi

Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis aksara Sunda nu dilarapkeunna métode *Blended Learning*, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan anu salajengna bisa langkung hadé sarta aya kamajuan dina prosés diajar, nya éta:

- 1) Métode *Blended Learning*, bisa ngaronjatkaun kamampuh nulis aksara Sunda. Ku kituna, métode *Blended Learning* bisa dijadikeun salasahiji alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis aksara Sunda anu dibantuan ku média sosial séjénna contona média *Youtube*.
- 2) Métode *Blended Learning* bisa dilakukeun dimana jeung iraha waé jadi siswa bisa diajar sarta muka materi pangajaran dina waktu anu fleksibel jeung teu dibatasan. Ieu métode ogé miboga kahéngkéran salasahijina nyaéta sakapeung teu sakabéh siswa boga alat akses internet, saperti komputer atawa hp jeung aksés internet. Padahal, *blended learning* merlukeun aksés internet nu hadé. Ieu pasualan tangtuna bakal nyusahkeun peserta didik pikeun mengikuti pangajaran mandiri via *online*. Ku kituna, dina ieu panalungtikan pangajaran dilakukeun ku model *Blended Learning* 25% pangajaran tatap muka jeung 75% pangajaran *online* nu dilakukeun disakola.
- 3) Dipiharep ayana panalungtikan métode *Blended Learning*, dina pangajaran nulis atawa pangajaran séjénna sangkan bisa leuwih ngabuktikeun yén hasil pangajaran nulis leuwih hadé kalawan dilarapkeun métode *Blended Learning*.